

# AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

Avi sa a eksplike fason yo ka itilize epi pataje enfòmasyon medikal ou ak lòt moun. Li montre w tou kijan ou kapab jwenn aksè ak enfòmasyon sa yo. Tanpri li li avèk anpil atansyon.

## RESPONSABLITE NOU

Daprè lalwa, FoundCare, Inc. dwe kenbe e pwoteje enfòmasyon sansib e konfidansyèl sou sante ou. Nou dwe bay ou yon avi konsènan obligasyon legal nou yo ak pratik konfidansyalite sou vi prive ki gen rapò ak enfòmasyon medikal ou. Kèk enfòmasyon medikal ki gen rapò ak itilizasyon gwo medikaman pou dyagnostik sou malfòmasyon, tretman, oswa referal kapab pwoteje anba lalwa federal (42 C.F.R. Pati 2), ki bay plis pwoteksyon konfidansyalite pase HIPAA. Nou dwe respekte kondisyon ki nan avi sa a.

## MEN KÈK EGZANP NAN FASON NOU PRAL ITILIZE ENFÒMASYON OU SAN PÈMISYON OU:

- **Pou tretman.** Egzanp: pou òganize referans ak yon espesyalis.
- **Pou jere operasyon nou yo.** Egzanp: pou devlope pi bon sèvis pou ou.
- **Pou peman.** Egzanp: doktè ou ka voye yon demann peman ba nou.
- **Sèten dosye sante konpòtmantal ak dosye tretman itilizasyon sibstans kapab gen pwoteksyon adisyonèl anba lalwa federal e ki ka mande konsantman ou a lekri anvan yo divilge yo.**
- **Si lalwa egzije oswa pèmèt pou rezon sa yo:**
  - Pou ede nan kesyon sante piblik ak sekirite. Egzanp: pou rapòte abi ki sispèk, neglijan, oswa vyolans domestik
  - Pou rechèch
  - Pou reponn yon demann donasyon ògàn
  - Pou travay ak yon medsen lejis oswa yon direktè entrepriz fineray. Egzanp: pou idantifye yon moun ki mouri, oswa pou detèmine kòz lanmò a
  - Pou trete demann konpansasyon travayè yo
  - Pou ranpli demann fòs de lòd yo ak lòt ajans gouvènman
  - Pou reponn pwosè, òdonans tribinal oswa lòt aksyon legal
  - Lè yon patnè biznis fè sèten fonksyon pou ou, tankou pwosesis peman
  - Pou moun ki enplike nan swen sante ou. Egzanp: yon manm fanmi nan yon ijans. Si ou pa kapab opoze, nou ka deside si li nan meyè enterè ou

## NOU KA ITILIZE OSWA PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AVÈK PÈMISYON OU OSWA REPREZANTAN OU A LEKRI:

- **Itilize oswa divilge nòt sikoterapi jan lalwa pèmèt li**
- **Nan vann enfòmasyon bay lòt moun**
- **Lè n ap pataje enfòmasyon ak twazyèm pati**
- **Pou kèk kominikasyon maketing**
- **Gen kèk dosye tretman itilizasyon sibstans ki mande konsantman, sòf si lalwa federal (42 C.F.R. Pati 2) pèmèt divilgasyon sa a Tanpri sonje ou ka revoke pèmisyon ou nenpòt lè a lekri, sòf si nou deja pran aksyon sou li.**

## KI DWA OU GENYEN? OU GEN DWA POU:

- **Mande yon kopi dosye medikal ou ak dosye reklamasyon yo.** Sa ka gen yon frè rezonab. Nou ka refize demann ou, e ou ka mande pou refi a revize. Ou ka nonmen yon lòt moun tankou moun k ap resevwa li.
- **Revize epi korije dosye medikal oswa dosye reklamasyon yo si yo pa egzat oswa yo enkonplè.** Nou ka refize demann ou, epi n ap esplike sa a lekri.
- **Mande kominikasyon konfidansyèl.** Egzanp: pou resevwa lèt nan yon lòt adrès. Nou pral aksepte demann ki valab; fè nou konnen si ou pè ke resevwa enfòmasyon medikal ou kote w ap viv kounye a ka mete w an danje.
- **Limite sa nou itilize oswa pataje pou tretman, peman, oswa operasyon nou yo.** Nou ka refize demann sa a.
- **Mande yon lis moun ak òganizasyon nou te pataje enfòmasyon ou avèk yo pandan sis ane anvan dat ou fè demann lan, eksepte pou:**
  - tretman, peman, ak operasyon swen sante
  - divilgasyon ki te fèt anvan
  - divilgasyon fè avèk otorizasyon ou
  - itilizasyon oswa divilgasyon lalwa egzije oswa pèmèt

Dwa sa a kapab aplike tou a divilgasyon enfòmasyon tretman itilizasyon sibstans ki pwoteje anba lalwa federal (42 C.F.R. Pati 2). Nou pral chaje yon frè rezonab si ou mande lis sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa. Ou dwe fè demann sa a lekri.

- **Chwazi yon moun pou aji pou ou ak yon pouvwa medikal oswa yon gadyen legal.** Nou pral verifye otorite sa a anvan nou pran nenpòt aksyon.
- **Resevwa yon avi si gen yon vyolasyon sekirite enfòmasyon medikal ou.** Sòf si nou detèmine gen yon ba chans enfòmasyon ou te konpwomèt.

## PWOTEKSYON ADISYONÈL POU DOSYE TRETMAN ITILIZASYON SIBSTANS:

Lalwa federal (42 C.F.R. Pati 2) pwoteje konfidansyalite dosye tretman itilizasyon sibstans. An jeneral yo pa dwe itilize oswa divilge dosye sa yo san konsantman ou an ekri, sòf si lalwa pèmèt li. Lalwa federal entèdi tou pou itilize dosye sa yo pou mennen ankèt oswa pouswiv yon pasyan, oswa pou diskrimine kont yon pasyan nan travay, lojman, oswa aksè ak sèvis.

**Lalwa federal (42 C.F.R. Pati 2) bay pwoteksyon siplemantè pou dosye tretman pwoblèm itilizasyon sibstans. An jeneral, dosye sa yo pa ka itilize oswa divilge san konsantman ou an ekri, sòf si lalwa pèmèt sa.**

## EGZÈSE DWA OU

**Kontakte FoundCare:** Si w gen nenpòt kesyon, oswa si w vle yon kopi papyè avi sa a, tanpri kontakte nou nan:

FoundCare, Inc.  
Atansyon: Ofisye Konfòmite  
2330 S. Congress Avenue West Palm Beach, FL 33406  
Telefòn: 561-432-7903  
Imèl: [compliance@foundcare.org](mailto:compliance@foundcare.org)

**Pou depoze yon plent:** Si ou panse nou vyole dwa ou, ou ka depoze yon plent lè ou kontakte adrès ki anwo a oswa avèk:

Sekretè  
Depatman Sante ak Sèvis Imen  
200 Independence Avenue, S.W. Washington, D.C. 20201  
Telefòn: 1-800-368-1019

**Yo PAP pran okenn mezi revanj kont ou paske ou depoze yon plent.**

## Chanjman K ap Fèt nan Avi sa a

Nou rezève dwa pou nou chanje tèm avi sa a. Chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon nou kenbe. Si nou fè nenpòt chanjman enpòtan, n ap pibliye yon nouvo avi sou sit entènèt nou epi n ap voye yon kopi ba ou si ou mande li.

